

Lekòl Piblik Collier County yo (CCPS) kontan anpil pou reaktalize gid sante pou elèv nou yo lè yo nan aktivite andeyò lekòl e pou ogmante aksè pou espektatè pou evènman atletik. Men dènye rekòmandasyon ki soti nan Depatman Sante Florid ki nan-Collier a (FLDOH-Collier):

### **Rekreyasyon/PE Andeyò Lekòl**

Elèv yo kapab retire twal ki kouvri vizaj yo/mas lè yo nan rekreyasyon oswa nan klas Edikasyon Fizik (PE) ki pa andedan klas, e sa enkli nan lakou lekòl la oswa nan lòt espas ki pa andedan sal klas la. Prensip obsève distans sosyal sante piblik la pral rete an vigè yon fason pou minimize risk pou moun trape viris la. Elèv yo pral itilize dezenfektan men lè yo ap re-rantre nan batiman lekòl la apre rekreyasyon/oswa klas Edikasyon Fizik.

### **Match Foutbòl**

- Yo pral pèmèt plis espektatè vini asiste, kote yo pral make chèz yo pou reflète distans sosyal ki limite nan kabin yo
- Yo pral pèmèt chak jwè foutbòl ak majorèt envite de manb nan fanmi yo pou vini nan chak match foutbòl A DOMISIL ak, koulye a, match AN DEPLASMAN
- Pral genyen plis plas disponib pou elèv senyò nan match ki ap fèt nan A DOMISIL yo

[Klike la a](#) pou wè gid pou espektatè CCPS yo pou evènman atletik pou sezon otòn nan

### **Volleyball**

- FLDOH-Collier ap pèmèt plis moun vini andedan jimnazyòm CCPS nou yo, sa vle di jwè nan ekip Volleyball Fiy la ki nan nivo elèv ki fenk kòmanse, JV, ak Varsity ap kapab rantre andedan jimnazyòm nan ansanm yon fason pou yo sipòte elèv kondisip yo
- Pou rive limite kapasite, se sèlman paran/responsab ekip ki ap jwe yo ke yo pral pèmèt vini gade match la

### **Kontak Rapwoche**

Ki definisyon kontak rapwoche? Eske elèv kapab kontinye klas menm si yo bezwen ale an karantèn? Kijan elèv pral reponn kondisip ki dwe izole oswa mete yo an karantèn? Sa yo se kèk nan kesyon enpòtan ki adrese nan yon nouvo videyo edikasyonèl pou yo montre nan semenn ki ap vini an pou elèv lekòl mwayen ak segondè yo.

Paran, [klike la a](#) oswa sou imaj videyo ki anba a pou wè yon apèsi sou videyo a.

Li enpòtan pou w note ke mezi sante e sekirite yo kapab chanje selon gid ki ap soti nan Depatman Edikasyon Florid la, Depatman Sante Florid-Collier, ak/oswa Sant pou Kontwòl Maladi yo.

CCPS ekstrèmman fyè de elèv, manb pèsònèl, ak paran nou yo paske yo mete twal pou kouvri vizaj yo/kach-nen, yo pratike distans sosyal, epi yo adapte avèk tout pwosedi sante e sekirite ki genyen rapò avèk COVID-19 la. Mèsi pou pasyans ak sipò ou pandan nou tout ap kontinye avanse ansanm annavan.

Mèsi.

Dr. Kamela Patton  
Sipèntandan Lekòl yo